# SHARLOTTA BRONTENIN "JANE EYRE" ROMANINDA EPIFORANIŃ QOLLANILIWI

**Reymova Marina**
*Innovaciyalıq Texnologiyalar Universiteti Filologiya hám tillerdi úyreniw baǵdarı student*

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.15635910**

***Annotaciya**. Usı maqalada Sharlotta Brontenıń "Jane Eyre" romanında epifora stilistikalıq usılınıń qollanılıwı tallanǵan. Epiforanıń kórkem teksttegi wazıypaları, atap aytqanda, qaharmannıń ishki ruwxıy jaǵdayın sáwlelendiriw, dramatizmdi kúsheytiw hám avtordıń sociallıq ideyaların bildiriwdegi roli jarıtılǵan. Mısallar tiykarında epiforanıń roman kontekstinde qanday máni júkleytuǵını hám obrazlardıń qáliplesiwine qanday tásir kórsetetuǵını qarap shıǵılǵan. Maqala ádebiy-stilistikalıq tallawǵa tiykarlanǵan bolıp, epiforanıń Bronte romanındaǵı emocionallıq hám ideologiyalıq júgin ashıp beredi.*

***Tayanish sózler**: Sharlotta Bronte, Jane Eyre, epifora, stilistikalıq usil, dramatizm, obraz, emocional tásir, hayal obrazı, ǵárezsizlik, sociallıq teńlik.*

**Kirisiw.** Ádebiy usıllar, ásirese stilistikalıq figuralar, kórkem shıǵarmalardıń mazmunlıq tereńligin ashıp beriwde, obrazlardı tásirsheń kórsetiwde hám avtordıń sezimlerin bildiriwde áhmietli rol atqaradı. Olar arasında epifora - yaǵnıy gáp yamasa gáp bólekleriniń aqırında birdey sóz yamasa frazanı tákirarlaw usılı - oqıwshıda kúshli emocionallıq tásir oyatadı. Epifora dramatizmdi kúsheytedi, avtordıń dıqqatın ayrıqsha tárepke qaratadı hám waqıyalardıń mazmunlıq salmaǵın arttıradı. Usı maqalada Sharlotta Brontenıń "Jane Eyre" romanındaǵı epifora qollanılıwı tallanadı.

"Jane Eyre" romanında Bronte epiforanı kópshilik jaǵdaylarda psixologiyalıq jaǵdaydı tereńlestiriw, konfliktli jaǵdaydı kúsheytiw, yamasa obrazdıń erkinligin atap ótiw maqsetinde qollanadı. Mısal retinde tómendegi frazalardı kórip shıǵıw múmkin:
I am no bird; and no net enchants me:

I am a free human being with an independent will. (Men qus emespen; hám hesh qanday tor meni uslay almaydı: men óz betinshe erkke ie bolǵan erkin insanman.) Bul gápte "I am" (men) sóziniń tákirarlanıwı epifora sıpatında qollanılǵan. Bul tákirarlanıw Jeyn obrazınıń ishki qararına, ózine bolǵan isenimine hám erkin shaxs sıpatında ózin ańlawına itibar beredi. Avtor usı usıl arqalı Janeniń individual ruwxıy ósiwin, jámiettiń basımına qaramastan, óz jolın tańlawdaǵı isenimliligin sáwlelendiredi.

Epifora, ásirese, romandaǵı qarama-qarsılıqlı jaǵdaylarda qollanılıp, personajlar arasındaǵı qarama-qarsılıqtı tereńlestiredi. Mısal retinde, Rochester menen bolǵan dodalawlar waqtında Jeyn tómendegishe aytadı:

"Do you think I am an automaton? — a machine without feelings? [...] Do you think, because I am poor, obscure, plain, and little, I am soulless and heartless? You think wrong! — I have as much soul as you, — and full as much heart!".

Bul jerde "Do you think...?" hám "I have as much..." túrindegi tákirarlanıwlar, yaǵnıy epiforalar, hayallardıń jámiyettegi ornı, jeke qádiriyat hám teńlik máselesin keskin qollap-quwatlaydı. Bul sózler arqalı Bronte hayallardıń shaxsına hám sezimlerine tereń húrmet penen qaraw kerekligin atap ótedi. Epifora oqıwshıda sezimlerdi oyatıw, dramalıq intensivlikti arttırıw ushın xızmet etedi [1, 53-72].

Epifora - bul tek ǵana stillik bezew emes, al obraz jaratıwda áhmiyetli semantikalıq hám emocionallıq júkke iye bolgan qural. Sharlotta Bronte "Jane Eyre" romanında epiforanı tiykarınan tiykarǵı qaharman - Jane Eyre obraziniń ruwxıy kúshin, erkinligin hám óz qádir-qımbatın ańlaw processlerin bildiriw ushın qollanadı. Roman dawamında Jane Eyre óziniń sociallıq jaǵdayı, jámiettegi ornı, jınısqa bolǵan kózqarasları hám ishki kóterilisleri menen gúresedi. Bul gúres onıń sózinde ayqın kózge taslanadı. Ásirese, epifora arqalı Jáne óz pikirin qatań hám isenimli formada bildiredi. Máselen:

"I care for myself. The more solitary, the more friendless, the more unsustained I am, the more I will respect myself."

Bul jerde "the more..." formasındaǵı epifora onıń erkin shaxs bolıwǵa bolǵan kúshli umtılısın bildiredi. Hár bir tákirarlanǵan sóz Jane'niń kúsheyip baratırǵan ishki qatańlıǵın ańlatadı. Epiforanıń bul forması obrazdı tek ápiwayı jetim qız emes, al óz qádirin biletuǵın hayal sıpatında kórsetedi. Bronte usı usıl arqalı hayal obrazın passiv emes, al aktiv, qarar qabıl etiwshi hám óz jolın tańlay alatuǵın shaxs sıpatında súwretleydi.

Sonday-aq, epifora járdeminde avtor Jane Eyre obraziniń tınısh, biraq kúshli kóterilisshil xarakterin ashıp beredi. Jáne jámiyetke qarsı ashıq gúres alıp barmaydı, biraq onıń sózindegi epiforalar ishki qarsılıqtı ashıq bildiredi. Mısal ushın:

"I am not talking to you now through the medium of custom, conventionalities, nor even of mortal flesh: it is my spirit that addresses your spirit..." [4, 29-59].

Bul gáptiń sońında tákirarlanıp atırǵan "spirit" sózi arqalı Jáne ózin fizikalıq yamasa sociallıq sheklewler menen emes, al ishki ruwxıy kúsh penen belgileydi. Bul bolsa onıń ruwxıy obrazın tereń hám universal mazmunǵa ie etiwshi faktor esaplanadı.Juwmaqlap aytqanda, epifora usılı Jane Eyre obrazin bekkemlewshi kúshli qural. Ol qaharmannıń pikirlerindegi isenimlilik, emocionallıq turaqlılıq hám ózligin ańlaw dárejesin arttıradı. Usılayınsha Bronte epifora arqalı hayal shaxsı, ruwxıy

ǵárezsizlik hám jámietke qarsı ishki gúres temaların sáwlelendirip, ádebiy obrazǵa tereńlik baǵıshlaydı.

**Juwmaq.** Sharlotta Brontenıń "Jane Eyre" romanında epifora - bul tek ǵana kórkem bezew emes, al avtordıń tiykarǵı ideyasın jetkeriwshi kúshli qural bolıp tabıladı. Ol roman qaharmanınıń ruwxıy dúnyasın ashıp beriwde, sezimlik shıńlardı sáwlelendiriwde hám oqıwshıda kúshli tásir qaldırıwda úlken áhmietke ie. Bronte epiforanı hayal obrazin sociallıq kontekstte ǵárezsiz, erkin hám qádirli insan sıpatında kórsetiw ushın xızmet etedi. Nátiyjede, epifora járdeminde tek ǵana estetikalıq tásir jaratılmay, al romannıń tiykarǵı ideyaları - adamgershilik, teńlik hám ózlikti ańlaw da oqıwshıǵa anıq jetkeriledi.

**Paydalanilǵan ádebiyatlar**

1. Brontë, Charlotte. "Jane eyre." *Medicine and Literature, Volume Two*. CRC Press, 2018. 53-72.
2. Boychuk, E. I., et al. "Multilayeredness Of Literary Prosaic Text: Polyphony Vs Homophony." *European Proceedings of Social and Behavioural Sciences* 97 (2020).
3. Gilead, Sarah. "Liminality and Antiliminality in Charlotte Bronte's Novels: Shirley Reads Jane Eyre." *Texas Studies in Literature and Language* 29.3 (1987): 302-322.
4. Griesinger, Emily. "Charlotte Brontë's religion: faith, feminism, and Jane Eyre." *Christianity & Literature* 58.1 (2008): 29-59.
5. IKROMOVNA, MURODOVA MUKADAS, and TILLAYEV ZAFAR AKMALOVICH. "Phrase-structure in English Used in Charlotte Bronte's "Jane Eyre." *International Journal of Innovations in Engineering Research and Technology* 7.05: 223-229.
6. London, Bette. "The Pleasures of Submission: Jane Eyre and the Production of the Text." *ELH* 58.1 (1991): 195-213.